

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Sumber Panalungtikan

3.1.1 Lokasi Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun di SMKN 1 Kota Bandung. SMKN 1 Kota Bandung mangrupa salasahiji sakola kejuruan anu aya di Kota Bandung. Profil lengkepna SMKN 1 Kota Bandung bisa dititénan dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1
Profil SMKN 1 Kota Bandung

1. Kode Registrasi (NSS)	34.1.02.60.08.005
2. Nama Resmi Sekolah	SMK Negeri 1 Bandung
3. SK Pendirian	
a. Nomor SK	6206/B
b. Tanggal SK	09/08/1950
4. Akreditasi	Untuk 4 Program Keahlian
a. Status Akreditasi	A (Amat Baik)
b. Nomor SK	02.00/536/BAP-SM/XI/2010
c. Tanggal SK	09 November 2010
5. Alamat Lengkap Sekolah	
a. Jalan	Wastukencana No.3 RT/RW03/07
b. Desa/Kelurahan	Kelurahan Babakan Ciamis
c. Kecamatan	Sumur Bandung
d. Kabupaten/Kota	Kota Bandung
e. Propinsi	Jawa Barat

Risa Maharani, 2014

*ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH
NYARITAKEUN PANGALAMAN*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

f. Nomor Telepon	(022) 4204514	Fax	(022) 4209105
g. Email	smkn1_bdg@yahoo.com		
h. Website	www.smknegeri1bandung.com		
6. Identitas Kepala Sekolah			
a. Nama Lengkap	Drs. R. Muh. Lukman, M.Si		
b. Tempat & Tanggal Lahir	Bandung, 27 Oktober 1961		
c. Alamat Lengkap	Komplek Bumi Asri I D-15 No.174		
d. Telepon Rumah / HP	(022)5416874 – 08122024174		
e. SK Pengangkatan Terakhir	821.1/Kep.175-BKD/2012		
7. Komite Sekolah			
a. Jumlah Anggota	6 orang		
b. Nomor SK Pengangkatan	02/TF.KS/SMK.01/VI/2006		
c. Tanggal SK Pengangkatan	15 Juni 2006		
d. Nama Pendidik komite Sekolah	Drs. H. Sosya Sondjaja, Msi		

3.1.2 Sumber Panalungtikan

3.1.2.1 Sumber Data

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta sakabéh siswa Kelas X AK-1 SMKN 1 Kota Bandung anu jumlahna 40 urang siswa.

3.1.2.2 Waktu Panalungtikan

Panalungtikan perkara Modél Pangajaran *Talking Stick* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nyaritakeun Pangalaman: Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

AK-1 SMKN 1 Kota Bandung dilaksanakeun dina seméster 2 taun pangajaran 2013/2014.

3.2 Desain Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun *one-group pretest-posttest design*. Ku ayana tés awal jeung tés ahir, hasil panalungtikan dipiharep leuwih akurat, sabab bisa ngabandingkeun kaayaan saméméh jeung sabada dibéré perlakuan (éksperimén). Rancangan éksperiménna digambarkeun dina rarancang sakumaha ieu di handap.

Grup	Praté	Perlakuan	Postés
Éksperimén	O	X	O

Tabél 3.2: Rarancang Éksperimén (Arikunto, 2006:85)

Katerangan:

O: Hasil observasi saméméh jeung sabada perlakuan

X: Perlakuan, nyaéta digunakeunana modél *Talking Stick* dina ngajarkeun nyaritakeun pangalaman

O téh némbongkeun yén tés anu dilakukeun, boh tés awal boh tés ahir, ngagunakeun instrumén anu sarua. Ku éta hal, dina ieu panalungtikan mah O téh henteu ditandaan ku O_1 jeung O_2 anu némbongkeun yén tés awal jeung tés ahir instruménna béda. Ari X nyaéta perlakuan atawa *treatment* anu dilakukeun sarta dititénan pangaruhna dina éta éksperimén kuasi. Perlakuan anu dimaksud nyaéta modél pangajaran *Talking Stick*. Signifikan atawa henteu pangaruh perlakuan X bisa katitén ku cara ngabandingkeun hasil tés awal jeung tés ahir.

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.3 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data nu dicokot ti siswa Kelas X AK-1 SMKN 1 Kota Bandung ku cara ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar. Data nu dicangking nyaéta data pratés jeung postés.

Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode kuasi ékspérimén (ékspérimén semu) kalawan ngagunakeun pratés jeung postés. Méthode kuasi ékspérimén téh dianggap salaku ékspérimén anu henteu sabenerna lantaran ieu ékspérimén can nyumponan kana katangtuan ilmiah, tapi ieu méthode téh bisa digunakeun. Ieu méthode ukur ngagunakeun kelas ékspérimén hungkul. Jadi, teu ngagunakeun kelas kontrol.

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2006, kc. 161), variabel nyaéta objék panalungtikan atawa naon-naon anu jadi puseur dina hiji panalungtikan. Aya dua variabel dina panalungtikan téh, nyaéta variabel bébas (*independent variable*) jeung variabel kauger (*dependent variable*).

Dina ieu panalungtikan, modél pangajaran *Talking Stick* mangrupa variabel bébas (variabel X) lantaran mangrupa variabel anu mangaruhan kana variabel séjén (variabel Y). Ari kamampuh nyaritakeun pangalaman mangrupa variabel kauger (variabel Y) lantaran dipangaruhan ku variabel bébas modél pangajaran *Talking Stick* (variabel X).

3.4.2 Wangenan Operasional

Dina prakna panalungtikan, diperlukeun katerangan-katerangan anu jéntré patali jeung obyékna. Éta katerangan téh pangpangna mah museur kana kecap-kecap anu

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH
NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dipaké dina judul panalungtikan. Istilah-istilah anu dipaké dina ieu panalungtikan diantarana, nyaéta:

- 1) Éféktivitas pangajaran nyaéta cara nepikeun bahan pangajaran ngagunakeun sababaraha téknik, saeutik ngaluarkeun énérgi, sarta bisa ngahontal hasil nu maksimal.
- 2) Modél pangajaran nya éta pamarekan ngajar atawa cara guru dina mekarkeun kagiatan siswa dina lumangsungna kagiatan diajar-ngajar.
- 3) Siswa nya éta insan anu keur néangan élmu, anu keur diajar di sakola. Dina ieu panalungtikan siswa dijadikeun objék, sarana pikeun meunangkeun data ngeunaan kamampuh anu dipimilik ku manéhna, hususna dina pangajaran nyarita.
- 4) Modél *talking stick* nya éta salah sahiji modél pangajaran nu bisa dipaké dina pangajaran basa, hususna pangajaran nyarita.
- 5) Nyarita mangrupa salah sahiji tina opat kaparigelan basa anu sipatna produktif. Nyarita téh hiji prosés nepikeun kahayang, ngébréhkeun eusi haté (sacara lisan) ti panyatur ka pangregep.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Data nu diperlukeun dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nyaritakeun pangalaman siswa Kelas X AK 1 SMKN 1 Kota Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél Pangajaran *Talking Stick*. Luyu jeung téhnik panalungtikan, sangkan éta data kacangking digunakeun instrumén nu mangrupa lembar penilaian tés.

Lembar penilaian tés nu digunakeun dina ieu panalungtikan ngagunakeun métode skor. Panalungtik méré peunteun ku cara ngeusian skor dina kolom peunteun dumasar skala 1-5, nu formatna sakumaha ieu di handap.

Tabél 3.3
Format Lembar Penilaian Tés

Ngaran Siswa:			
No.	Aspék nu Dipeunteun	Skala Skor	Skor
1	Akurasi Informasi (Teu Akurat–Akurat Sagemblengna)	11-30	
2	Hubungan Antar Informasi (Saeutik-Pinuh)	7-20	
3	Struktur jeung Kosa Kecap (Teu Bener-Bener Pisan)	7-20	
4	Kalancaran (Teu Lancar-Lancar Pisan)	5-25	
5	Kawajaran Unitan Wacana (Teu Normal-Normal)	2-5	
Jumlah Skor	

Pikeun nangtukeun peunteun nu dicangking ku séwang-séwang siswa dumasar kana hasil skoring ngagunakeun instrumén di luhur, digunakeun pedoman peunteun:

- 1) Skala skor 0-100
- 2) Skor Maksimal : 100
- 3) Peunteun:

$$N = \frac{\text{Skor Dihontal}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$

3.6 Téhnik Ngumpulkeun Data

Data dina ieu panalungtikan dikumpulkeun ngagunakeun téhnik tés. Dina ieu panalungtikan, tés nu dilakukeun mangrupa tés awal (pratés) jeung tés ahir (postés). Éta tés dilaksanakeun pikeun ngukur kamampuh siswa kelas Siswa Kelas X AK-1 SMKN 1 Kota Bandung Taun Ajaran 2013/2014 dina nepikeun sawangan dina pangajaran nyaritakeun pangalaman. Tés awal dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh nyaritakeun pangalaman siswa Kelas X AK-1 SMKN 1 Kota Bandung Taun Ajaran 2013/2014 saméméh pangajaran ngagunakeun Modél Pangajaran *Talking Stick*. Ari tés ahir dilakukeun pikeun mikanyaho kamampuh nyaritakeun pangalaman siswa Kelas X AK-1 SMKN 1 Kota Bandung Taun Ajaran 2013/2014 sabada pangajaran ngagunakeun Modél Pangajaran *Talking Stick*.

3.7 Téhnik Ngolah Data

3.7.1 Meunteun Hasil Pratés (saméméh) jeung Postés (sabada)

Data anu geus kakumpulkeun satuluyna diolah pikeun nimu jawaban-jawaban anu jadi masalah dina ieu panalungtikan. Data anu dikumpulkeun dina ieu panalungtikan nyaéta data hasil tés siswa anu ngawengku pratés jeung postés. Léngkah-léngkah pikeun ngolah éta data nyaéta sakumaha ieu di handap.

a) Méré Peunteun Kamampuh Nyaritakeun Pangalaman

Pikeun nangtukeun peunteun nu dicangking ku séwang-séwang siswa dumsar kana hasil skoring ngagunakeun instrumén di luhur, digunakeun padoman peunteun:

1) Skala skor 0-100

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Skor Maksimal : 100
 3) Peunteun:

$$N = \frac{\text{Skor Dihontal}}{\text{Skor Maksimal}} \times 100$$

3.7.2 Uji Sipat Data

3.7.2.1 Déskripsi Kamampuh Siswa (Pratés jeung Postés)

Pikeun ngadéskripsikeun kamampuh siswa dina nyaritakeun pangalaman, digunakeun tabél sakumaha ieu di handap.

Tabél 3.4
Format Hasil Tés Siswa

Ngaran Siswa:			
No.	Aspék nu Dipeunteun	Skala Skor	Skor
1	Akurasi Informasi (Teu Akurat–Akurat Sagemblengna)	11-30	
2	Hubungan Antar Informasi (Saeutik-Pinuh)	7-20	
3	Struktur jeung Kosa Kecap (Teu Bener-Bener Pisan)	7-20	
4	Kalancaran (Teu Lancar-Lancar Pisan)	5-25	
5	Kawajaran Unitan Wacana (Teu Normal-Normal)	2-5	

Jumlah Skor
--------------------	-------	-------

3.7.2.2 Uji Normalitas

Uji normalitas téh pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa miboga distribusi anu normal. Ieu hal jadi sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun data téh normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus *chi-kuadrat* (X^2).

Léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun saméméh bisa ngagunakeun rumus *chi-kuadrat* (X^2) nyaéta:

- nyieun tabél frekuensi skor pratés jeung postés anu formatna:

Tabél 3.5

Format Frékuensi Skor Pratés jeung Postés

Peunteun (x)	F	f.x	f.x ²
K1			
K2			
Σ			

- ngitung rata-rata (*mean*) skor pratés jeung postés, ngagunakeun rumus:

$$\bar{x} = \frac{\sum fx}{N}$$

- néangan standar déviasi ngagunakeun rumus:

$$SD = \sqrt{\frac{N \cdot \sum f \cdot x^2 - (\sum fx)^2}{N(N - 1)}}$$

- nyieun frékuensi obsérvasi jeung frékuensi ékspéktasi, nu léngkah-léngkahna:

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a) nangtukeun jumlah kelas (k):

$$k = 1 + 3,3 \text{ Log } n$$

b) nangtukeun rentang (r):

$$r = \text{Peunteun Panggedéna} - \text{Peunteun Pangleutikna}$$

c) nangtukeun panjang kelas (P):

$$P = \frac{r}{k}$$

d) nangtukeun O_i (kelas frékuénsi obsérvasi)

e) nangtukeun batas kelas (BK)

f) ngitung Z (transformasi normal standar bébas kelas):

$$Z = \frac{(BK - M)}{SD}$$

g) nangtukeun ambahan/legana unggal kelas interval (L)

h) ngitung frékuénsi ékspéktasi (E_i):

$$E_i = L \times N$$

i) nangtukeun *chi-kuadrat* (X^2) anu rumusna:

$$X^2 = \frac{\sum(O_i - E_i)}{E_i}$$

- hasil tina léngkah-léngkah di luhur diasupkeun kana tabél anu formatna:

Tabél 3.6

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH
NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Format Frékuénsi Obsérvasi jeung Frékuénsi Ékspéktasi

Kelas	O _i	b _k	Z	D	L	E _i	X ²
K1							
K2							
Σ							

- nangtukeun derajat kebebasan (db):
 $db = k - 3$
- nangtukeun *chi-kuadrat* tina daptar (X² tabél):
 $0,09(3) = \dots\dots$
- nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria ieu di handap:
 $x^2 \text{ itung} < x^2 \text{ daptar} = \text{distribusi data normal}$
 $x^2 \text{ itung} > x^2 \text{ daptar} = \text{distribusi data teu normal}$

3.7.2.3 Uji Homogénitas

Tujuan tina uji homogénitas nyaéta pikeun mikanyaho homogén henteuna variasi sampel tina populasi nu sarua. Léngkah-léngkah uji homogénitas nyaéta:

- nangtukeun skor variabel x masing-masing kelompok pratés jeung postés
 - a) variabel X pratés
 $\sum f \cdot x^2 = \dots\dots$
 $\sum (f \cdot x)^2 = \dots\dots$
 - b) variabel X postés
 $\sum f \cdot x^2 = \dots\dots$
 $\sum (f \cdot x)^2 = \dots\dots$

- ngitung variansi masing-masing kelompok

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH
 NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a) variansi pratés ($S1^2$)

$$S1^2 = \frac{n \cdot \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{n(n-1)}$$

b) variansi postés ($S2^2$)

$$S2^2 = \frac{n \cdot \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{n(n-1)}$$

- hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F

$$F = \frac{s^2_b}{s^2_a}$$

- ngitung derajat kebebasan (db):

$$db_2 = n-1$$

$$db_1 = n-1$$

- nangtukeun F tabél
- nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria:
 - $f_{itung} < f_{tabél} =$ variansi sampel homogén
 - $f_{itung} > f_{tabél} =$ variansi sampel teu homogén

3.7.2.4 Uji Gain

Pikeun nangtukeun gain, digunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.7
Format Uji Gain

No.	Praté	Postés	d	d ²
-----	-------	--------	---	----------------

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH
NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

K1				
K2				
Σ				
\bar{x}				

3.7.2.5 Uji Hipotesis

Léngkah-léngkah nu kudu dilaksanakeun pikeun uji hipotésis nyaéta:

- nyieun tabél uji jumlah rata-rata pratés jeung postés

Tabél 3.8

Format Uji Jumlah Rata-rata Pratés jeung Postés

No.	Pratés	Postés	d	d ²	Xd (d-Md)
K1					
K2					
Σ					
\bar{x}					

- néangan béda mean tina pratés jeung postés kalawan ngagunakeun rumus:

$$md = \frac{\Sigma d}{n}$$

- ngitung derajat kebebasan (db) ngagunakeun rumus:

$$db = n - 1$$

- ngitung t itung ngagunakeun rumus:

$$\Sigma x^2 d = \Sigma d^2 \frac{(\Sigma d)^2}{n}$$

Risa Maharani, 2014

ÉFÉKTIVITAS MODÉL PANGAJARAN TALKING STICK PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH
NYARITAKEUN PANGALAMAN

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- ngabuktikeun hipotésis ngagunakeun rumus:

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$